

## Li posib pou evite Epatit B.

Mande depatman sante lokal ou a kijan ou kapab fè pou rete an sante. Yo kapab ba ou resous, tankou kote pou ou al pran vaksen, pwofesyonèl swen sante ki trete HBV, ak plis toujou!

### Èske ou te konnen?

Gen yon vaksen ou menm ak fanmi ou kapab pran pou pwoteje nou kont enfeksyon viris epatit B a (HBV an angle). Yon gwoup piki pandan detwa mwa kapab pwoteje ou.

HBV se koz prensipal kansè nan fwa epi souvan yo pa santi okenn sentòm. Al teste!


Men kèk bagay ou kapab fè pou ou pa pran enfeksyon HBV a: pa fè sèks san pwoteksyon, pa pataje razwa, bwòs dan, tay zong, zegwi ak sereng, oswa glikomèt. Fason HBV simaye plis se nan san ak likid ki soti nan kò moun.

*Se pa sèlman timoun ki ka  
pran epatit B...*

Depatman sante lokal ou a se:

## Se pa sèlman timoun ki ka pran epatit B...

**Moun ki pi granmoun yo gen risk  
pou pran enfeksyon epatit B a  
tou!**





*"Mwen pa te konnen twòp enfòmasyon sou epatit B epi mwen pa te menm panse mwen te ka pran okenn maladi konsa nan laj mwen ye la. Kounye a mwen konnen kijan li simaye epi mwen te pran vaksen an pou pwoteje tèt mwen, fanmi mwen, ak nenpòt moun mwen ta nan relasyon seksyèl ak li alavni."*

## Kisa epatit B ye?

Enfeksyon epatit B a se yon virus yo jwenn nan san an ki lakòz li. Li kapab simaye pandan sèks ak lè w gen kontak ak bagay ki ka enfekte ak san, tankou razwa, bwòs dan, tay zong, zegwi ak sereng, ak glikomèt. Virus epatit B a (HBV) kapab viv sou sifas yo pou jiska yon semèn.

### Sa ou bezwen konnen:

HBV se yon maladi ki simaye nan san ak likid ki soti nan kò moun. Li pi komen kay moun k ap viv nan sèten pati nan mond lan. Men, nenpòt moun ki gen kontak ak san oswa likid ki soti nan kò yon moun ki enfekte gen risk pou pran li.

Si moun ou nan relasyon ak li an oswa yon moun k ap viv lakay ou teste pozitif pou HBV, ou ta dwe al teste tou pou wè si ou gen virus la. Si ou pa gen virus la, al pran vaksen.

Moun ki pi granmoun epi ki nan relasyon seksyèl yo gen risk pou yo pran enfeksyon HBV a, sitou si yo gen plizyè moun yo nan relasyon ak yo epi yo pa itilize kapòt oswa lòt pwoteksyon baryè latèks lè y ap fè tibèf, sèks nan dèyè ak sèks nan vajen. Souvan, moun ki gen HBV yo pa santi okenn sentòm.

Si ou menm, oswa yon moun k ap viv lakay ou gen HBV, se pou ou kouvri tout blesi oswa maleng pou w evite pran enfeksyon an oswa bay lòt moun li.

## Kijan mwen kapab pwoteje fanmi mwen pou yo pa pran epatit B?

Li posib pou evite HBV. Yon gwoup vaksen epatit B kapab pwoteje ou ak fanmi ou pou nou pa pran virus la. Kontake depatman sante lokal ou oswa pwofesyonèl swen sante ou pou enfòmasyon sou kote ou kapab jwenn vaksen epatit B a. Nan kèk ka, ou kapab pa bezwen peye pou piki yo.

### Bagay sa yo PA simaye epatit B:

- ❖ Manje ak dlo
- ❖ Estènen oswa touse
- ❖ Anbrase oswa bo
- ❖ Kenbe men ak sere nan bra

### Rezon pou ou pran vaksen yo:

- ❖ Pwoteje tèt ou ak lòt moun pou nou pa pran enfeksyon HBV a.
- ❖ Evite ou vin pran enfeksyon an epi bay moun viris la, sitou pandan sèks san pwoteksyon.
- ❖ Pwoteje ou kont kansè nan fwa. HBV se koz prensipal kansè nan fwa Ozetazini.

### Sonje:

Tout moun k ap viv nan menm kay ak yon moun ki gen HBV ta dwe chèche konnen si yo pa genyen li tou epi pran vaksen si yo pokò gen pwoteksyon.

Si moun ou nan relasyon ak li a di ou li gen HBV, ou ta dwe al teste epi konsidere pran vaksen yo.

Piske kontak seksyèl se fason plis moun bay lòt moun HBV, piga ou fè sèks san pwoteksyon jiskaske ou konnen si ou gen maladi a ou pa. Itilize yon kapòt oswa lòt pwoteksyon baryè latèks lè w ap fè sèks. Sa gen ladan tibèf, sèks nan dèyè ak sèks nan vajen.

Menm si fam ki pi granmoun yo pa bezwen enkyete paske yo p ap ansent, yo dwe toujou itilize pwoteksyon lè y ap fè sèks pou yo pa pran HBV ak lòt enfeksyon yo.